



Apwobasyon

Volontè ap peye \$24.00 pou Depatman Lapolis nan Florid tcheke istwa vi pase yo, kòb y'ap peye sou fòm money order (manda postal) oswa yon chèk sètifye e y'ap soumèt aplikasyon an.

Pwoteksyon Konpansasyon Travayè

Ou kalifye pou resevwa benefis konpansasyon travayè pannan w'ap travay kòm volontè a.

Oryantasyon

Yo mande volontè yo pou yo asiste seyans oryantasyon y'ap fè pou yo anvan yo koumanse sèvis volontè yo.

Etap pou Enskri Non w

Lè w soumèt yon aplikasyon, y'ap ba w yon modpas (lese pase). Tout volontè dwe ouvè kont yo pou rantre nan sistèm nan epi fèmen l lè y'ap soti, chak fwa y'ap vin travay nan òdinatè a.

Idantifikasyon

Se pou w toujou gen badj idantifikasyon lekòl la oswa distri a ba ou.

Konpòtman

Aparans ou nan rad w'ap mete dwe kòrèk. Ou se yon wòl modèl pou elèv yo. Se pou w respektive, konpòte w an sitwayen epi fòk ou koperan.

Disiplin

Disiplin se responsablite pèsònèl lekòl la. Ou dwe rapòte pwoblèm ki genyen bay moun ki responsab.

Responsablite nan Sal Klas

Volontè pa dwe janm rete poukont yo avèk yon elèv oswa yon gwoup elèv.

Pitit von Volontè

Volontè pa dwe mennen pitit yo ki nan nivo matènèl avèk yo nan lekòl la lè y'ap vin travay kòm volontè.

Absans

Elèv yo konte sou ou. Fè tout posib ou pou fin fè zafè w vit epi pou yo fè w konfyans. Rele lekòl la si w pa kapab vini.

Ka Dijans Elèv

Kontakte pèsònèl lekòl la lè yon elèv malad oswa si li pran chòk. Piga w deplase elèv ki pran chòk epi pigaw bay elèv medikaman.

Pwogram Volontè pou Granmoun

Pansyonè

Volontè ki gen laj 55 lane oswa plis kapab enskri pou pwogram Fè Rezèvasyon an (RSVP) pou yo ka resevwa lajan pou milyaj distans yo fè nan machin yo.

Pwoteksyon Pou Elèv Nou yo

Si w sispèk gen timoun y'ap maltrete epi/oswa neglije, yo mande w pou w voye enfòmasyon an bay Liy Telefòn Rapid nan Florid ki se: 1-800-962-2873. Pèsònèl lekòl la ap ede w.

Si w tande yon elèv di l'ap fè tèt li oswa lòt moun mal, ale rapòte enfòmasyon an bay pèsònèl lekòl la imedyatman.

Piga ou devwale okenn bagay sekre ou ta wè oswa tande ki pase nan lekòl la. Travay akademik elèv, konduit oswa ensidan ki pase nan lekòl la, se bagay sekre e lalwa nan Florid anpeche moun devwale bagay sa yo.

Volontè lekòl ki temwen gen moun k'ap chache lòt kont (pran plezi ak moun, izolman sosyal, menas, entimidasyon, poustit, vyolans fizik, vòl, kontak seksyèl, pèsèkasyon rasyal, seksyèl oswa relijye, imilyasyon piblik, zak kraze brize sou zafè moun), yo dwe rapòte ensidan an bay otorite lekòl yo.

Pwoteje Volontè Nou yo

Lè w'ap travay ak elèv, rete sou zye ekip lekòl la. Kontak fizik ki aseptab se bay lanmen epi mete men sou zèpòl. Volontè pa dwe gen kontak poukont yo ak elèv andeyò lè travay lekòl la.



Mwen kontan akeyi w kòm Volontè nan Lekòl Depatman Polk la. Angajman w nan edikasyon bay elèv yo yon chans pou chak grenn ladan yo jwenn jwenn koutmen apa, ki se yon bagay vital pou eedikasyon yo e pou devlopman pèsònèl yo.

Direksyon Jeneral Lekòl Depatman Polk santi l fyè pou patisipasyon kominote a nan lekòl nou yo. Lane dènyè, plis pase 31,000 volontè te pataje plis pase 1,700,000 lè sèvis nan lekòl nou yo, ki reprezante yon don plis pase 17 milyon dola.

Nan Depatman Polk la, se yon privilèj sa ye lè yo apwouve yon volontè. Kòm volontè apwouve, ou se yon wòl modèl pou elèv yo. Nou espere ou rete nan limit règleman Direksyon Jeneral la trase, epi sèvis w'ap founi dwe nan gou lekòl w'ap ede a.

Kòm volontè, ou pral ede pèsònèl lekòl la pou l kapab fè elèv yo benefisye eksperyans edikasyon avanse. Ou se yon pati enpòtan nan tout jefò k'ap fèt pou bay elèv pen lenstriksyon. Pwofesè ak elèv yo pral konte sou ou. Rasire w, antan manm ekip lekòl la, ou pran responsablite w ak anpil serye.

Mwen swete w'ap jwenn satisfaksyon nan eksperyans ou kòm volontè. Vin tounen yon defansè pou distri nou an nan pataje eksperyans pozitif ou fè ak lòt moun epi nan ankouraje yo pou yo vin patisipe tou.

Sensèman,

Gail F. McKinzie, Ph.D.
Sipèntandan

Opòtinite pou Volontè

Bay Leson

Ede elèv nan lekti, ekriti ak matematik.

Konseye

Ankouraje e motive elèv pou amelyore travay akademik yo.

Akonpayatè

Akonpaye elèv nan pwomnad.

Asistan nan sal klas

Pataje ak elèv yo eksperyans vwayaj, karyè ak tan lib.

Asistan nan sal Klas

Ede pèsònèl lekòl la nan sa yo gen pou fè.

Ede lekòl la nan ranmase lajan e ede nan kòz l'ap defann.


Sèvis Aprantisaj

Kolabore ak elèv k'ap bay kominote a sèvis.

wogram li yo, sèvis li yo,
n ak pèsekisyon (chache
aj, si w gen kote pou w
antèdi. Pou w pote plent,
nan 863-534-0513.



Volontè nan Lekòl Polk yo



Patisipasyon Kominotè
Direksyon Jeneral Lekòl Depatman
Polk la
P. O. Box 391
Bartow, FL 33831
(863) 534-0636
www.polk-fl.net